№1(5)
2025

ÓZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASÍ
NÓKIS FILIALÍ

MUSIQA VA SAN'AT AXBOROTNOMASI / ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУСТВА / BULLETIN OF MUSIC AND ART

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

ILIMIY-METODIKALÍQ JURNAL

**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ BILIMLENDIRIW, ILIM HÁM INNOVACIYALAR MINISTRLIGI**
**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ MÁDENIYAT MINISTRLIGI**
**ÓZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASÍ NÓKIS FILIALÍ**

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ
***Ilimiy-metodikalıq jurnal***

# MUSIQA VA SAN’AT AXBOROTNOMASI
***Ilmiy-uslubiy jurnal***

# ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУССТВА
***Научно-методический журнал***

# BULLETIN OF MUSIC AND ART
***Scientific-methodical journal***

**№ 1(5)/2025**

**SHÓLKEMLESTIRIWSHI:**
*Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı*

**Bas redaktor:** – Allanbaev Rudakiy, *professor*
**Juwaplı xatker:** – Kamalova Dilfuza, *filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı, docent.*

**REDKOLLEGIYA AǴZALARÍ:**

**OZODBEK NAZARBEKOV –** Ózbekstan Respublikası Mádeniyat ministri, professor;
**AZIZBEK TURDIEV** – Ózbekstan Respublikası Mektepge shekemgi hám mektep bilimlendiriw ministri máslahátshisi, filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD);
**BEGIS TEMIRBAEV** – Qaraqalpaqstan Respublikası Mádeniyat ministri, docent;
**KAMOLIDDIN URINBAYEV –** Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası rektorı, professor;
**OMONILLA RIZAEV** – kórkem ónertanıw ilimleriniń kandidatı, professor;
**HIKMAT RAJABOV** – professor;
**ORAZALI TOSHMATOV** – professor;
**BAXT AZIMOV** – pedagogika ilimleri kandidatı, docent,
**MUHABBAT TOLAXOJAEVA** – kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, professor;
**MARFUA XAMIDOVA -** kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, professor;
**BOLTABOY SHODIYEV -** kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı;
**OZODA TOSHMATOVA -** kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, professor;
**SAYYORA ǴAFUROVA** – professor;
**OYDIN ABDULLAEVA** – professor;
**IRODA MIRTALIPOVA** –kórkem ónertanıw ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD);
**PARAXAT MAMUTOV** – kórkem ónertanıw ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD);
**QURBANBAY JARIMBETOV** – filologiya ilimleriniń doktorı, professor;
**ALIMA BERDIMURATOVA** – filosofiya ilimleriniń doktorı, professor;
**ZIYADA BEKBERGENOVA** – filologiya ilimleriniń doktorı (DSc), professor;
**ALIMA PIRNIYAZOVA** –filologiya ilimleriniń doktorı (DSc);
**YUSUPOV QONÍSBAY –** pedagogika ilimleriniń doktorı (DSc), professor;
UTEBAEV TAJIBAY **-** pedagogika ilimleriniń doktorı (DSc), professor;
**SEYTKASIMOV DAULETNAZAR -** pedagogika ilimleriniń doktorı (DSc);
**ARTÍQBAY EREJEPOV** – pedagogika ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD), docent;
**JAŃABAY MARZIYAEV** – filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD), docent;

*Jurnal qaraqalpaq, ózbek, rus hám ingliz tillerinde baspadan shıǵarıladı. Jurnal Ózbekstan Respublikası Prezidenti Administraciyası janındaǵı Málimleme hám ǵalaba kommunikaciyalar agentligi tárepinen mámleketlik dizimnen ótkerilgen. №047569 4-oktyabr, 2022-jıl.*

**Ózbekstan Respublikası Joqarı Attestaciya Komissiyasınıń 2024-jıl 30-iyuldaǵı 358-sanlı qararı tiykarında jurnal 17.00.00-Kórkem ónertanıw ilimleri jónelisi boyınsha dissertaciya nátiyjelerin baspadan shıǵarıw ushın arnalǵan jetekshi ilimiy jurnallar qatarına kiritilgen.**

*Redakciya mánzili: Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı Turan oypatı 29-jay.*
*E-mail:ozdknf@edu.uz, UZDK_Nukus@exat. Tel:551020540 Veb-sayt: https://science.uzdknf.uz/*

**ISSN-2181-4112**

# KOMPOZITOR KEŃESBAY ABDULLAEVTÍŃ QARAQALPAQ XALÍQ NAMALARÍNÍŃ RAWAJLANÍWÍNA QOSQAN ÚLESI

**Abdullaeva U., Razatdinova A.**

*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Annotatsiya**: Ushbu maqolada Qoraqalpog‘iston Respublikasida xizmat ko‘rsatgan san’at arbobi, O‘zSSR xalq ta’limi a’lochisi, pedagog, bastakor-kuychi va dirijyor Kenesbay Abdullayev hayoti va ijodi haqida so‘z yuritiladi, shuningdek, bir nechta vokal asarlari tahlil qilinadi.

**Kalit sózlar:** bastakor, bayan, kutubxona, ashula, orkestr, kuy.

**Аннотация**: В этой статье рассказывается о жизни и творчестве заслуженного деятеля искусств Республики Каракалпакстан, отличника народного образования ЎзССР, педагога, композитора-мелодиста и дирижера Кенесбая Абдуллаева, а также дается разбор несколько вокальных произведений.

**Ключевые слова:** композитор, баян, библиотека, песня, оркестр, мелодия.

**Annotation:** This article describes the life and work of the Honored Worker of Arts of the Republic of Karakalpakstan, People's Education Excellent of the Uzbek SSR, teacher, composer-melodist and conductor Kenesbay Abdullaev, as well as analyzes several vocal works.

**Keywords**: composer, narrator, library, song, orchestra, melody.



**Kirisiw:** Ózbekstan Qaharmanı, Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan xalıq shayırı Ibrayım Yusupov qosıqlar haqqında sóz etkende: “Qosıq—xalıq tiliniń eń shiyrin jemisi. Ol ásirese sulıw saz hám xosh hawaz benen til tabısıp, bir jerden hawaz bere qoysa adamdı yoshlandıradı da, jılatadı da, ómirge ashıq etedi, jasawǵa qushtarlandıradı” - dep keltirgen edi. Mine, usınday óziniń sulıw hám zawıqlı namaları menen xalqımız kewlinen orın alǵan belgili talant iyesi, Qaraqalpaqstan Respublikasına miyneti sińgen kórkem óner ǵayratkeri, ÓzSSR xalıq aǵartıwshılıq aǵlası, ustaz, kompozitor hám dirijyor Keńesbay Abdullaev edi.

Ol óziniń sanalı ómirin qaraqalpaq muzıka mádeniyatın rawajlandırıwǵa, oǵan jańalıqlar alıp kiriwge baǵıshlaǵan ustaz kompozitor boldı. Ómiri dawamında

ol 60 qa jaqın qosıq namaların, onlaǵan ayaq oyın ushın namalar, balalar ushın qosıq namaların dóretti. Sonıń menen birge bayan, bayanshılar orkestri ushın hám xalıq sazları orkestri ushın kóplegen xalıq namaların qayta islep shıqtı [1.165].

**Tiykarǵı bólim:** Keńesbay Abdullaev 1938-jılı Shımbay rayonınıń "Taza jol" awıl keńesinde xızmetker shańaraǵında tuwıldı. Onıń ákesi Abdulla Jaqsımuratov Ózbekstan SSRına xızmet kórsetken muǵallim ataǵına iye, 1929-57-jıllar aralıǵında mektep muǵallimi bolıp isledi. Anası úy biykesi bolıp, perzentleriniń tárbiyası menen shuǵıllanǵan. Keńesbaydın úlken qız apası Xanbiybi ulıwma bilim beriw mektebinde tariyx muǵallimi bolıp ákesiniń jolın dawam etedi, al qarındası Janbiybi belgili shıpaker bolıp jetilisedi.

Keńesbay dárriw kózge taslanbaǵanı menen ápiwayı balalardan oǵada parqlanar edi. Bul degeni ondaǵı qábilet áste-aqırın búrtik jarıp, jaǵımlı nama esite ǵoysa, onı úyrenip alǵansha asıǵıp, gá ishinen qaytalap, gá ıńıldap júretuǵın edi.

Bolajaq maestronıń da balalıǵı ájayıp tárizde ótti. Mektepte baslawısh klasta oqıp júrgen waqıtlarında onı úyine jaqın jerdegi balalar internatında dúzilgen muzıka dógeregi ózine bántlep, aqıl-esin urladı, esi-dárti sol jerge barıp, sol balalarǵa qosılıp muzıka ásbaplarında oynaw boldı. Muzıkaǵa ıqlas qoyǵanı sonshelli ákesinen jasırınıp sol balalar internatındaǵı dógerekke barıwǵa, geyde "Men sol internattıń tárbiyalanıwshısıman" dep jalǵan gáp toqıwına da sebep bolǵan [1.89].

1951-jılı 7-klastı pitkerip, Berdaq atındaǵı Shımbay bilim jurtına oqıwǵa kiredi. Oqıw waqtında ol dramkrujoklarǵa qatnasıp, kóplegen koncertlerde túrli ásbaplardı shertip shıǵadı. 1955-jılı pedagogikalıq bilim jurtın tamamlap, orta mektepte muǵallim bolıp isledi. 1956-61-jıllarında Tashkent qalasındaǵı Xamza atındaǵı muzıka bilim jurtında bayan klasında oqıydı. Onıń birinshi ustazı Arkadiy Efremovich Pushkin oqıw dawamında klassik kompozitorlarınıń, rus hám Evropa kompozitorlarınıń shıǵarmaları menen tanıstırıp, olardıń shertiw hám jazılıw sheberligin úyretedi. K.Abdullaev oqıp júrip Tashkent qalasındaǵı muzıka mektebinde ustazlıq etedi.

1961-jılı muzıkalıq bilim jurtın tamamlap Nókis qalasındaǵı muzıka xoreografiya bilim jurtında bayan boyınsha oqıtıwshı bolıp jumısqa kiredi hám sol jerde bayanshılar orkestrin dúzedi (1962). Ol kelmesten burın bilim jurtında Roman Borisovich Shvarc muzıka mekteptiń direktorı bayannan sabaq beretuǵın edi. Keńesbay kelgennen soń rayonlardan oqıwshılar bilim jurtına oqıwǵa kirip, sol bayan ásbabın úyrene basladı. Usı orkestrdi dúzgennen soń, rus hám Evropa kompozitorlarınıń kóplegen shıǵarmaların orkestr ushın qayta islep shıǵadı. Sonıń menen birgelikte qaraqalpaq xalıq namaların da qayta isleydi. Sońınan áste-áste vals namaların jazatuǵın boldı.

Ol muzıka bilim jurtın tamamlap, kásip-óner tańlar eken ataq, dańq, abıray, mártebe degendi qıyalınıń bir shetine de keltirmedi. 1965-jılı onı bilim jurtınıń oqıw bólimi boyınsha direktor orınbasarı etip saylaydı. 1967-jılı K.Abdullaev Nókis pedagogikalıq institutınıń sırtqı bólimine oqıwǵa kiredi [2.14-15].

K.Abdullaevtiń muzıka-xoreografiya bilim jurtında oqıw-tárbiya jumıslardı jaqsı jolǵa qoyıp hám onıń dóretiwshilik jumıslarda erisken jetiskenlikleri esapqa alınıp, 1966-jılı Berdaq atındaǵı mámleketlik filarmoniyaǵa kórkem basshı etip jiberiledi. Ol jerde qosıqshılar hám oyınshılardıń qábiletine, hawazına, atqarıw sheberligine hám dáwir talabına say repertuarlar tańlap, shayırlar, kompozitorlar, baletmeysterler menen kelise otırıp, jumıslarına bir qansha ózgerisler kirgizip, dóretiwshilik jámáátiniń is mazmunın, sapasın jaqsılawǵa eristi.

Filarmoniyada Respublika basshılarına Qaraqalpaqstanda kórkem ónerdiń estrada janrın rawajlandırıwdıń waqtı jetkenligin túsindirip, onıń shtat birliklerin alıp, dáslepki professional estrada orkestrin dúziwge tiykar saldı. Qaraqalpaq hám tuwısqan xalıqlardıń namaların qayta islep, ózi de estrada orkestrine namalar jaza basladı. Solardan J.Aymurzaev sózine "Búlbúlińmen sayraǵan", "Qarama jigit", Ájiniyaz sózine "Bir páriy", Ibrayim Yusupov sózine "Intizar saǵan" hám basqa da qosıqların mısal etip keltiriwge boladı. Solay etip Qaraqalpaqstanda estrada orkestrin ashıwǵa hám oǵan muzıkalar jazıp, onıń irge tasın qalaǵanlardıń biri boldı.

70-jıllardıń aqırlarınan baslap ómiriniń aqırına shekem Qaraqalpaqstan mámleketlik radio hám televideniesi janındaǵı xalıq sazları orkestriniń kórkemlik jaqtan basshısı hám bas dirijyorı bolıp isledi. Ol 1994-jılı 6-dekabr kúni awır nawqaslanıwdan soń bul dúnyanı tárk etti.

Keńesbay Abdullaev ómirge ashıq boldı, ómirdi súygenligi sonshelli ózi dóretken shıǵarmalarında dúnya gózzallıqların sáwlelendirip berdi. Ásirese tábiyattıń gózzallıǵı, insanlar arasındaǵı miyirmanlıq, watan, muhabbat sezimleri barlıq namalarında jámlengen. Ol gúz máwsimin jaqsı kórdi, tereklerdiń ráńbáreń túrlerge dónip, átirapqa ózgeshe gózzallıq beriwi onı jáne de ilhamlandırar edi. Onıń kópshilik dóretiwshilik miynetleri mine usınday gózzallıqtan zawıqlanıwı nátiyjesinde payda bolar edi…

Keńesbay qáleminen dórelgen namalar sol waqıttıń ózinde zamanagóy, hátteki jaslardıń barlıǵı qosılıp, xor menen aytatuǵın dárejedegi qosıqlarǵa aylanıp ketetuǵın, házirgi til menen aytqanda "Xit" bolıp ketetuǵın edi. Keńesbay Abdullaevtıń namasın jazǵan qosıqlardı atqarmaǵan qosıqshı joq. Máselen belgili qosıqshılarımızdan Ózbekstan xalıq artistlerinen Tamara Doshumova, Gúlparshın Sırımbetova, Arzıgúl Atamuratova, Sulıwxan Mámbetova, Bazargúl Karimova, Mırzagúl Sapaevalar atqardı. Ózbekstan Xalıq artisti Bayram Matjanov "Jigirma

beste” qosıǵın aytıp shıqqan waqtında dúrkiregen jas artistler hámmesi sol qosıqtı aytıwǵa ıqlas qoydı.

Usı qosıqtı Ótep Qurbanbaev, Tursınbay Palımbetov hám basqa da qosıqshılar atqarıp shıqtı. Bunnan basqa da sózin Aymurat Ábdimuratov jazǵan “Bizge kel” qosıǵın Ótep Qurbanbaev atqarıp shıqqanında onıń tıńlawshıları óz aldına boldı. Qaraqalpaqstan xalıq artisti Ilish Xodjametov kóplegen saxnalarda J.Aymurzaevtıń sózine “Búlbúlińmen sayraǵan”, Ibrayim Yusupov sózine “Intizar saǵan” hám basqa da qosıqların júdá jaqsı atqarǵan [3.43].

Elimizde bolatuǵın qońsılas tuwısqan ellerden miyman keletuǵın bolsa da “Bizge kel”, miymanlar kelip ketse de “Bizge kel” qosıǵı efirde mudamı jańlap turdı.

Keńesbay Abdullaev radiokomitette islegen waqıtları onıń qosıqshılar ansambline, orkestr ushın islegen miynetlerine toqtalatuǵın bolsaq, kóp ǵana namalardıń túp nusqasın tiklewde, sol namalardıń notaların qaytadan jazıp, tiklep ketken birinshi kompozitor. Sebebi xalıq sazları ansambliniń qasında nota kitapxanası bar edi. Qaysı jaqtan kim kelip: “mına qosıqtıń notası barma, túp nusqasın qalay tawıp alamız”,- degen waqıtlarda sol kitapxanadan notanı taqlap qoyǵan jerinen izlep tawıp alıwǵa bolatuǵın edi. Sol kitapxananı birinshi shólkemlestirgen Keńesbay Abdullaev boldı.

Keńesbay Abdullaevtıń dóretken qosıqlarınıń xalıq arasına tez taralıp ketiwi avtordıń xalıq muzıka miyrasın jaqsı biliwi hám sol miyrastı zamanǵa say óz shıǵarmalarında paydalanıwı onıń ájayıp talant iyesi bolǵanlıǵın ayqın dálilleydi. Onıń Kúnxoja sózine “Jigirma beste”, Ájiniyaz sózine “Bir páriy”, “Jaqsı”, I.Qurbanbaev sózine “Elim bar”, “Xalqım”, G.Esemuratova sózine “Tuwǵan jerge”, “Qaraqalpaq qızları bar”, S.Pirjanov sózine “Qaharman xalqım”, S.Dáwletaliev sózine “Doslar shaqıraman dasturqanıma”, Q.Dosanov sózine “Bilgiń kelse xalqın qaraqalpaqtıń”, I.Yusupov sózine “Intizar saǵan”, T.Mátimuratov sózine “Sen óziń” sıyaqlı kóplegen qosıqları mazmunınıń aktuallıǵı hám tárbiyalıq xarakterge iye ekenligi menen kórinip turadı.

Ásirese onıń I.Qurbanbaev sózine “Elim bar” shıǵarması pútkil xalıqtıń qálbin jawlap alǵan edi. Keń diapazonda jırlanatuǵın bul qosıqtı tıńlaǵan insanǵa iláhiy shertilgen nama ayrıqsha qúdiretke tolı kúsh bul eldi kóriwge, usı eldiń tábiyatı, keń peyil xalqına qushtarlıǵı sezilerli bolǵanlıǵın hesh kim biykarlay almaydı. Zawıqlı nama ırǵaǵı biylep, pútkil insan qálbin quwanıshqa bóleydi.

Shıǵarma fa-minor frigiy ladında jazılıp, diapazonı oktava aralıǵında (fa 1 oktavadan – fa 2 oktavaǵa shekem), namanıń háreketi tolqın sıyaqlı bolıp jazılǵan. Bul atqarıwshıǵa júda qolaylı bolıp berilgen [4.45].







Berdaq sıylıǵına usınılǵan namaları haqqında keńirek aytatuǵın bolsaq, K.Raxmanov sózine "Awıl dáwranı" qosıǵı tábiyatımızdıń sulıwlıǵın zor lirikalıq ruwxta súwretleydi. Muzıka xarakteri soǵan sáykes kelip, yoshlı lirikalı major ladında (re-major tonlıǵında) ortasha tempte jazılǵan. Muzıkanıń ses qatarı ortangı registrdan izbe-izlilik penen joqarı órlep, xalıq qosıqlarınıń intonaciyasında tıńlawshılardı dárhal qıyal dáryasına alıp ketedi. Muzıka strukturalıq jaqtan shayırdıń jazǵan sózi menen buwınba-buwın birigip, originallıq túrde baylanısıp turadı. Bunday hal muzıka menen tekst bir waqıt ishinde jazılıp, payda bolǵanday sezim bildiredi. Qaraqalpaq namalarındaǵı ırǵaqlar notalar járdeminde berilip kórsetilgen.

Hárbir qosıqqa mas keletuǵın hám sol obrazǵa jáne de kóbirek sulıw ráń baǵıshlawshı hawaz boladı. Sonıń ushın kompozitor nama jazǵanda birinshi náwbette atqaratuǵın qosıqshını da ózi tańlaydı. Sonday jarasıqlı hawazǵa iye

bolǵan qosıqshı Qaraqalpaqstan xalıq artisti Mırzagúl Sapaeva “Awıl dáwranı” qosıǵınıń birinshi atqarıwshısı boldı.

Avtor nama qosıqları menen qatar bayan, akkardeon hám basqa da saz ásbapları ushın muzıkalıq shıǵarmalar jazıp, olardan “Qızlar valsi”, “Jaslıq valsi” ayaq oyın ushın “Lirikalıq oyın”, “Gúl ashılǵanda”, “Qızlar nazı”, “Oramal” hám jáne de bir qansha namalar dóretti. Kompozitor bul dóretpelerinde qaraqalpaq qızlarınıń sın-sımbatın, ay kórikli kelbetin, nazlı kúlkisin, xosh hawazın, kiyeli shiyrin sózlerin, hár qanday awır jaǵdaydan da mártlershe márdana shıǵatuǵın keń oy pikirin hám tapqırlıǵın, ótkir zeyni hám ziyrekligin, sırtqı sulıwlıǵına ishki dúnyası teń keletuǵın gózzallıǵın, óziniń tereń mazmunlı, milliy ırǵaqqa bay, kewilge qonımlı etip muzıka tili menen sáwlelendirip bergen.

Búgingi kúnde ol tayarlaǵan shákirtler de ustaz dárejesine jetisip, respublikamızdıń barlıq mádeniyat mekemelerinde, muzıka mekteplerinde jumıs islep atır. Shákirtler tayarlap, ustaz salıp ketken joldı jalǵastırmaqta [4. 20-23].

**Juwmaqlaw:** Keńesbay Abdullaev qay jerde, qanday jumısta islese de óz jumısına ıqlası menen jan kúydirip isleytuǵın, óz xızmet wazıypasına juwapkershilik penen qaraytuǵın ashıq kewil insan edi. Kópshilik talant iyeleri eń dáslepki miynetin kimgedur eliklep dóretedi. Keńesbay Abdullaev dáslepki namaların dóretiwi menen-aq ózligin tanıttı, aldın hesh kim júrmegen óziniń “jol”ın jarattı. Mine aradan 60 jıl ótse de onıń jazǵan namaları ele xalıqtıń júreginde jasap kiyatır, qosıqshılardıń súyip aytatuǵın qosıqlarına aylanıp, repetuarlarınan túspey kiyatır. Hátteki ayırım namaların xalqımız xalıq naması dep biledi. Eń tiykarǵısı úlken-kishige birdey unaytuǵın dárejede jaǵımlı namalar dóretti.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Nadırova A. Qaraqalpaq muzıka tariyxı. - L.: Muzıka,1987 – 299 s.

2. Abdullava U., Dawletmuratova T. Qaraqalpaq kompozitorlarınıń vokal shıǵarmaları. – Nókis: Qaraqalpaqstan, 2012.

3. Abdullaeva U. Bahasın joǵaltpaǵan namalar. – Tashkent: “Fan zıyosı”, 2022.

## MAZMUNÍ

### MUZÍKATANÍW


| | | |
|---|---|---|
| 1 | **Ходжаметова Г.И.** КАРАКАЛПАКСКАЯ ТРАДИЦИОННАЯ МУЗЫКА КАК ПЕРВООСНОВА СОЧИНЕНИЙ ФОРТЕПИАННОЙ МУЗЫКИ | 3 |
| 2 | **Charshemov J.** P.XINDEMITNING “LUDUS TONALIS” TSIKLINING GARMANIK TAXLILI | 10 |
| 3 | **Мухаммедниязов К.Т.** ИЗУЧЕНИИ ПРОБЛЕМЫ ВЗАИМОСВЯЗИ МУЗЫКИ И СЛОВА НА ПРИМЕРЕ «ПОЭТИКИ» АРИСТОТЕЛЯ | 16 |
| 4 | **Abatbaeva R.O.** XX ASRNING IKKINCHI YARMIDA QORAQALPOQ MUSIQASI | 22 |
| 5 | **Саидхонов А.С.** ДВЕНАДЦАТЬ ГРАНИ СОВЕРШЕНСТВА (На примере трансцендентные этюды Ференца Листа) | 29 |
| 6 | **Жумабаев А.Е., Муратбаева А.А.** МУЗЫКАЛЬНАЯ ФОЛЬКЛОРИСТИКА | 42 |
| 7 | **Saburova U.M.** LYUDVIG BETXOVEN IJODIDA VARIATSION SHAKL | 48 |


### KÓRKEM ÓNER


| | | |
|---|---|---|
| 8 | **Allanbaev R.O.** QORAQALPOQ KOMPOZITORLARI ASARLARIDA MUSIQIY DRAMALAR | 53 |
| 9 | **Abdullaev F., Muratbaev A.** QARAQALPAQSTANDA DEMLI ORKESTRINIŃ DÚZILIWI HÁM ONÍŃ RAWAJLANÍW BASQÍSHLARÍ | 59 |
| 10 | **Qurbanazarov P.** DAMLI CHOLG‘ULAR VA ULARNING RIVOJLANISH BOSQICHLARI | 65 |
| 11 | **Shermatov K.E.** BUYUK ALLOMALAR ABU ALI IBN SINO VA ABU NASR FAROBIYLARNING MUSIQIY MEROSI | 73 |
| 12 | **Abdullaeva U., Razatdinova A.** KOMPOZITOR KEŃESBAY ABDULLAEVTÍŃ QARAQALPAQ XALÍQ NAMALARÍNÍŃ RAWAJLANÍWÍNA QOSQAN ÚLESI | 80 |
| 13 | **Александрова О.А.** ПАМЯТИ ОПЕРНОГО ПЕВЦА КУРКМАСА МУХИТДИНОВА | 86 |
| 14 | **Allaniyazov B.** SKRIPKANING TARIXIY RIVOJLANISH JARAYONI | 91 |
| 15 | **Erejepov A.A.** QARAQALPAQ BAQSISHILIQ MEKTEPLERINIŃ ATQARIWSHILIQ KÓRKEM ÓNERI ÓZGESHELIKLERI HAQQINDA | 98 |

| | | |
|---|---|---|
| 16 | **Kamalova G.M.** HIKMAT RAJABOVTIŃ DÓRETIWSHILIGINE TÁN ÓZGESHELIKLERI | 104 |
| 17 | **Dosimbetov B.X.** CHOLG‘U IJROCHISINI KONSERT VA SAHNA NAMOYISHIGA TAYYORLASHNING PSIXOLOGIK XUSUSIYATLARI | 113 |
| 18 | **Zuxurov M.M.** DIRIJYORLIQTA QOL HÁREKETLERINIŃ DURIS ATQARILIWI HÁM OLARDI RAWAJLANDIRIW | 120 |
| 19 | **Embergenova G.A., Yo‘ldoshev L.E.** XOR ASARLARINI TAHLIL QILISH OMILLARI | 130 |
| 20 | **Paxratdinova L.Sh.** SKRIPKA SAZ ÁSBABÍ TARIYXÍ | 136 |
| 21 | **Karimova I.I.** SKRIPKA SAZ ÁSBABÍNA SHÍǴARMA JAZǴAN DÓRETIWSHILER HÁM PROFESSIONAL ATQARÍWSHÍLAR ÁHMIYETI | 145 |
| 22 | **Rejepov Sh.B.** ǴAYÍP DEMESINOVTÍŃ FORTEPIANO DÓRETIWSHILIGI (“Prelyudiya”ları mısalında) | 153 |
| 23 | **Mamutov P.A.** TEATRDÍŃ TARIYXÍY QÁLIPLESIWI HÁM DRAMATURGIYANÍŃ RAWAJLANIW BASQÍSHLARÍ | 159 |


**<u>MUZÍKA PEDAGOGIKASÍ</u>**


| | | |
|---|---|---|
| 24 | **Umarova V.A.** MUSIQA-IJROCHILARNI TANLOVLARGA TAYYORLASHDA USTOZ VA OILANING ROLI | 164 |
| 25 | **Tnibaev P.K.** DAMLI CHOLG‘ULARNI TALABALARGA O‘RGATISH: PEDAGOGIK YONDASHUVLAR VA METODLAR | 169 |
| 26 | **Элмуродова Г.А.** СОВЕРШЕНСТВОВАНИЕ ТЕХНИКИ ПО ПРЕДМЕТУ ФОРТЕПИАНО (НА ПРИМЕРЕ ЭТЮДОВ К. ЧЕРНИ) | 173 |
| 27 | **Iseev R.** FORTEPIANO ATQARÍWSHÍLÍǴÍNDA POLIFONIYA JANRÍNÍŃ AHMIYETI. POLIFONIYALÍQ SHIǴARMALAR USTINDE JUMÍS ALÍP BARÍW | 180 |


**<u>JÁMIYETLIK-GUMANITAR PÁNLER</u>**


| | | |
|---|---|---|
| 28 | **Jabbarov I.A., Bazarbaeva N.I.** MOBILE APPLICATIONS AS A CONTEMPORARY INSTRUMENT FOR ENHANCING ENGLISH LANGUAGE LEARNING | 187 |
| 29 | **Marziyaev J.K.** JOQARÍ OQÍW ORÍNLARÍNDA JURNALIST QÁNIGELERDI TAYARLAW | 194 |
| 30 | **Kalimbetova S.A.** O‘ZBEK JADID DRAMATURGIYASI VA TEATRI (“Padarkush” va “To‘y” dramalari misolida**)** | 201 |

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

*Ilimiy-metodikalıq jurnal*